



Pou Piblikasyon Imedya: 27/09/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 63.6 MILYON DOLA FINANSMAN POU SOUTNI AMELYORASYON ESANSYÈL NAN ENFRASTRIKTI NAN KOLÈJ AK INIVÈSITE PRIVE, KI PA GEN BI FÈ PWOFI YO NAN NEW YORK

Sibvansyon yo pral sipòte pwogram edikasyon nan modènize etablisman yo ak amelyore eksperyans etidyan yo pandan y ap ankouraje devlopman ekonomik

Gade tout pwojè konpetitif yo apwouve nan 5èm Faz la [Isit la](#)

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a 63.6 milyon dola sibvansyon pou sibvansyon kapital nan 30 kolèj ak inivèsite nan tout Eta New York atravè Pwogram Sibvansyon Ekivalan pou Investisman nan Edikasyon Siperyè (Higher Education Capital Matching Grant Program, HECap) a. Prim HECap sa yo sipòte pwojè ki bay konstriksyon nouvo espas laboratwa ak rechèch, enstalasyon edikasyon ak acha nouvo teknoloji ak ekipman pou ansèyman.

"Kolèj ak inivèsite New York yo pa gen parèy, epi gras a plis pase 60 milyon nan finansman kapital eta a, n ap fè renovasyon ki pote transfòmasyon nan pi gwo lekòl yo atravè eta a pou yo ka kontinye leve nivo a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Soti nan acha ekipman syantifik dènye kri jiska renovasyon bibliyotèk ak sant etidyan yo, investisman sa yo pral mennen enstitisyon nou yo nan yon lòt nivo epi asire elèv k ap pouswiv edikasyon siperyè yo nan Eta New York gen aksè ak pi bon resous ak enstalasyon."

Sou lidèchip Gouvènè a, Pwogram Sibvansyon Ekivalan pou Investisman nan Edikasyon Siperyè a te pèmèt kanpis yo toupatou nan Eta a fè investisman ki enpòtan anpil nan enfrastrikti ak ekipman yo pandan y ap kreye travay nan sektè konstriksyon an. Kanpis ki ap resevwa sibvansyon yo gen obligasyon pou yo investi omwen 3 dola ki soti nan pwòp fon pa yo pou chak 1 dola finansman Eta ke yo resevwa.

Lè yo konbine ansanm ak fon kontrepati kolèj la nan pwojè sa yo, yo pral investi plis pase 250 milyon dolanan kominote edikasyon siperyè New York yo.

Kantite Sibvansyon yo Chwazi yo Gen ladan:

- Fordham University – Renovasyon McShane Center, 5 milyon dola
- Molloy University (Rockville Center) – Konstriksyon bilding pou Devlopman Mendèv Swen Sante, 5 milyon dola

- St. John Fischer University (Rochester) – Renovasyon bibliyotèk pou kreye Student Center for Success, 5 milyon dola
- Canisius University of Buffalo – Kreyasyon Laboratwa ak Etablisman Allied Health, 1.4 milyon dola
- Siena College (Loudonville) – Acha Ekipman Syans Konplèks, 750,000 dola

Yo te akòde fon an nan reyinyon Konsèy HECap la 27 septanm nan epi yo te akòde an konfòmite ak yon pwosesis aplikasyon konpetitif. Konsèy HECap la ki gen twa manm ladan, konte yon manm Prezidan Asanble a te chwazi, yon manm Prezidan Tanporè Sena a te chwazi, ak yon twazyèm manm Gouvènè a te chwazi. DASNY aji kòm anplwaye pou Konsèy HECap la epi li administre pwogram lan. Yon lis konplè pwojè yo te akòde finansman yo disponib nan sitwèb DASNY an.

Yo te apwouve yon demann pou aplikasyon sibvansyon pou pwochen faz konpetisyon an tou nan reyinyon Konsèy HECap la. Depi kreyasyon HECap an 2005, Eta New York te bay 336.3 milyon dola nan finansman 274 pwojè nan kolèj ak inivèsite yo atravè Eta New York.

Senatè Eta, Toby Ann Stavisky, te deklare, "Pwogram Sibvansyon Ekivalan pou Envestisman nan Edikasyon Siperyè a se yon gwo egzanp de patenarya piblik-prive ki ap travay pou tout moun New York yo. Pwogram HECap la ede kanpis atravè eta a fè envestisman enpòtan nan enfrastrikti ak ekipman, pou kenbe kolèj ak inivèsite endepandan New York yo konpetitif nan nivo nasyonal ak mondyal."

Manm Asanble Patricia Fahy te di, "Kolèj ak inivèsite prive New York yo enpòtan anpil pou ekonomi eta nou an epi edike plis pase 500,000 elèv chak ane. Asire enstitisyon sa yo kapab kenbe ak atire elèv yo, pwofesè yo, ak anplwaye yo ak envestisman enpòtan nan enfrastrikti se kle pou kenbe enskripsyon yo ak avanse yon wo nivo. Antanke Prezidan Komite Edikasyon Siperyè a nan Asanble a, mwen pran angajman pou m travay ak tokay Sena mwen an, Toby Ann Stavisky, Gouvènè Hochul, ak kolèj ak inivèsite prive nou yo pou bay resous yo bezwen pou kontinye pwospere."

Prezidan Komisyon Kolèj ak Inivèsite Endepandan (Commission on Independent Colleges and Universities) yo, Lola Brabham, te deklare, "Mèsi Gouvènè Hochul, Prezidan Konsèy HECap la Smingler, ak Lejislati Eta a paske yo sipòte pwogram enpòtan sa a. Sibvansyon HECap yo se yon envestisman nan enfrastrikti ak edikasyon siperyè ki bay alafwa randman imedyat ak alontèm pou tout Nouyòkè yo. HECap ankouraje kwasans ekonomik nan kominote yo atravè eta a, pandan l ap asire New York rete yon lidè mondyal nan edikasyon siperyè ak inovasyon."

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou pwogram HECAP la [isit la](#). Klike [isit la](#) pou jwenn lis konplè prim sibvansyon an.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)